



Pou Piblikasyon Imedya: 26/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YON  
UITYÈM REJYON RANPLI KONDISYON YO POU RE-OUVRI DEMEN**

***Mid-Hudson rejwenn rejyon Kapital, Lwès New York, New York Santral, North  
Country, Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley, ki satisfè 7 paramèt yo  
egzije yo pou kòmanse plan re-ouvèti a***

***Long Island toujou sou wout pou re-ouvri demen nan dat 27 me***

***Gouvènè a pral rankontre avèk Prezidan Trump demen pou diskite sou pwojè  
enfrastrikti yo pou ede dinamize ekonomi an***

***Eta a pral akselere konstriksyon Empire Station nan Penn epi yon nouvo  
Ayewopò LaGuardia***

***Eta ap kontinye dirije resous yo nan direksyon katye yo ki gen revni ki pi fèb e an  
predominans minoritè nan NYC ki pi afekte pa COVID-19 la***

***Konfime 1,072 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout  
Eta a rive 363,836; Nouvo ka nan 35 Konte***

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Rejyon Mid-Hudson satisfè tout sèt paramèt ke yo egzije yo pou kòmanse premye faz nan re-ouvèti a apati jodi a, ap rejwenn rejyon Kapital, Lwès New York, New York Santral, North Country, Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley. Long Island toujou sou wout pou re-ouvri demen nan dat 27 me lè operasyon trasaj kontak vini sou entènèt epi si kantite ka lanmò yo kontinye diminye.

Gouvènè a te anonse tou li pral rankontre ak Prezidan Trump nan Washington D.C. demen pou diskite sou pwojè enfrastrikti yo ki bezwen apwobasyon federal - enkli Tren Anlè nan LaGuardia (LaGuardia AirTrain) a, Tinèl Cross-Hudson nan ak agrandisman dezyèm Metro Second Avenue an - pou ede dinamize ekonomi an.

Gouvènè a te anonse tou eta a pral akselere konstriksyon nouvo Empire Station nan Penn ak nouvo Ayewopò LaGuardia a pandan ke mwaten transpò ray ak sikilasyon ayeryèn nan anbès. Pou relanse ekonomi an pi plis, eta a pral travay pou ogmante enèji renouvlab ki pa koute chè nan pati sid la ak pwodiksyon nan pati nò a gras ak konstriksyon nouvo kab transmisyon ant eta; akselere yon kab elektrik ki soti Kanada pou rive nan vil New York epi ogmante resous enèji renouvlab yo.

Gouvènè a te anonse tou eta a ap kontinye dirije resous yo ak konsantre efò sible pou diminye pwopagasyon COVID-19 nan katye ki gen revni ki pi fèb ak an predominans minoritè yo nan Vil New York, e ki pi afekte pa viris COVID-19 la epi ki kontinye wè yon kantite ki dispwopòsyonèlman elve ak nouvo ka COVID yo chak jou. Efò sa yo pral ede Vil New York satisfè 7 paramèt yo egzije yo pou kòmanse plan re-ouvèti a.

"Nou ap tounen paj la sou pandemi COVID-19 la epi nou ap konsantre sou de pis alavni - siveye re-ouvèti a ak dinamize re-ouvèti a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap kòmanse reouvri nan prèske chak rejyon atravè tout eta a - nou gen yon tablo ki disponib pou chak Nouyòkè ka wè chif yo chak jou epi gwoup kontwòl rejyonal nou yo ap etidye chif yo ak done yo. Kòm pwosesis re-ouvèti a ap kontinye, nou swe dinaamize re-ouvèti a pou asire ke ekonomi an pa jis fè pa anaryè, men pou li tounen vin pi bon ak pi fò ke anvan."

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,072 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 363,836 ka konfime nan Eta New York. Nan total 363,836 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	1,793	2
Allegany	44	0
Broome	522	3
Cattaraugus	81	0
Cayuga	78	1
Chautauqua	77	2
Chemung	136	0
Chenango	123	4
Clinton	95	0
Columbia	373	1
Cortland	39	0
Delaware	77	0
Dutchess	3,834	9
Erie	5,753	53
Essex	36	0
Franklin	20	0
Fulton	196	0
Genesee	193	1
Greene	225	0
Hamilton	5	0
Herkimer	103	0
Jefferson	72	0
Lewis	20	1

Livingston	118	3
Madison	303	0
Monroe	2,762	29
Montgomery	80	1
Nassau	39,974	67
Niagara	965	10
NYC	199,301	570
Oneida	917	12
Onondaga	2,012	31
Ontario	195	10
Orange	10,277	33
Orleans	208	3
Oswego	104	0
Otsego	69	0
Putnam	1,222	8
Rensselaer	466	1
Rockland	13,019	23
Saratoga	463	2
Schenectady	668	4
Schoharie	49	0
Schuyler	11	0
Seneca	55	0
St. Lawrence	197	0
Steuben	240	0
Suffolk	39,199	109
Sullivan	1,338	14
Tioga	122	0
Tompkins	154	0
Ulster	1,638	6
Warren	251	0
Washington	228	0
Wayne	110	1
Westchester	33,107	58
Wyoming	82	0
Yates	37	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)